**दिन–गुरूवार** **दिनांक–18.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक पहिल चरणक अंतर्गत प्रदेशक चारि संसदीय क्षेत्र औरंगाबाद, गया, जमुई आ नवादा मे काल्हि मतदान होयत। मतदान सबेरे सात बजे सँ शुरू होयत आ सांझ छओ बजे धरि चलत। नक्सल प्रभावित क्षेत्र मे मतदान सबेरे सात बजे सँ सांझ चारि बजे धरि होयत। पहिल चरण मे प्रदेशक छिहत्तरि लाख एक हजार छओ सय उन्नतीस मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कऽ सकताह। एहि मे उन्चालीस लाख तिरसठि हजार दू सय तेईस पुरूष आ छतीस लाख अड़तीस हजार एक सय एकाबन महिला मतदाता सम्मिलित छथि। ओतहि, ट्रांसजेंडर मतदाताक संख्या दू सय पच्पन अछि। पहिल बेर मतदान करयबला भोटरक संख्या बानवे हजार छओ सय दू अछि।

---

एहि संसदीय क्षेत्र सभ मे तीन महिला उम्मीदवार समेत कुल अड़तीस प्रत्याशी चुनाव मैदान मे छथि। गया मे सभ सँ बेसी चौदह उम्मीदवार अपन भाग्य आजमा रहल छथि। औरंगाबाद सँ नओ, नवाद सँ आठ आ जमुई सँ सात उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। औरंगाबाद सीट पर मुख्य मोकाबिला भाजपाक सुशील कुमार सिंह आ राजदक अभय कुशवाहाक मध्य मानल जा रहल अछि। ओतहि, जमुई सीट पर लोजपा रामविलासक अरूण भारती आ राजदक अर्चना रविदासक मध्य मोकाबिला होयत। नवादा संसीदय सीट पर भाजपाक विवेक ठाकुर आ राजदक श्रवण कुशवाहा तथा गया लोकसभा सीट पर हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक जीतनराम मांझी आ राजदक कुमार सर्वजीतक मध्य मुख्य मोकाबिला होयब तय मानल जा रहल अछि।

---

पहिल चरणक चुनावक दिन काल्हि संबंधित संसदीय क्षेत्र मे सभ सरकारी, सार्वजनिक आ निजी क्षेत्रक कार्यालय मे सवैतनिक अवकाश रहत। एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————————————

मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार लोक सभ सँ मतदान मे बढ़ि–चढ़ि कऽ भाग लेबाक अपील कयलनि अछि। पहिल चरणक चुनावक पूर्व आकाशवाणी समाचार सँ गपशप मे श्री कुमार कहलनि जे चुनाव लोकतंत्रक उत्सव अछि आ एहि मे सभ केओ के अपन भागीदारीक निर्वहन करबाक चाही। मुख्य चुनाव आयुक्त कहलनि जे निर्भीक आ निष्पक्ष चुनाव संपन्न करेबाक लेल सभ प्रबंध कयल गेल अछि।

———————————————————————————————————

स्वतंत्र आ निष्पक्ष मतदान संपन्न करेबाक लेल मतदान केन्द्र सभ पर अर्द्धसैनिक बलक जवान के उपस्थित करओल गेल अछि। चुनाव आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पहिल चरणक मतदान लेल अर्द्धसैनिक बलक कुल एक सय तिरपन कंपनी के उपस्थित करओल गेल अछि।

———————————————————————————————————

लोकसभा चुनावक चारिम चरण लेल आइ अधिसूचना जारी कऽ देल गेल। अधिसूचना जारी हेबाक संगहि प्रदेशक पांच संसदीय क्षेत्र दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर मे नामांकनक काज शुरू भऽ गेल। उम्मीदवार पचीस अप्रील धरि नामांकन कऽ सकताह। नामांकन पत्रक जाँच छब्बीस अप्रील के होयत। नाम वापस लेबाक अंतिम तिथि उन्नतीस अप्रील अछि। मतदान तेरह मई के होयत।

———————————————————————————————————

नामांकनक पहिल दिन आइ दरभंगा संसदीय क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी गोपालजी ठाकुर अपन नामांकन दाखिल कयलनि। झंझारपुर लोकसभा क्षेत्र सँ आइ आठ प्रत्याशी अपन नामांकन दाखिल कयलनि। एहि मे महागठबंधनक प्रत्याशी सुमन कुमार महासेठ, बसपाक गुलाब यादव सम्मिलित छथि। बेगूसराय संसदीय क्षेत्र सँ महागठबंधनक प्रत्याशी अवधेश राय अपन नामांकनक पर्चा दाखिल कयलनि।

———————————————————————————————————

राष्ट्रीय जनता दलक पूर्व सांसद शैलेश कुमार उर्फ बुलो मंडल आइ जदयूक सदस्यता ग्रहण कऽ लेलनि। पटना स्थित पार्टी कार्यालय मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार हुनका पार्टीक सदस्यता दियौलनि। विदित अछि जे काल्हि बुलो मंडल आ

देवेन्द्र प्रसाद यादव राष्ट्रीय जनता दलक प्राथमिक सदस्यता सहित सभ पद सँ त्यागपत्र दऽ देने छलाह।

———————————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसादक जमुई मे एक सभा मे किनको द्वारा महिला लोकनिक विरूद्ध कयल गेल आपत्तिजनक टिप्पनीक मामिला मे भाजपा प्रवक्ता आ पूर्व विधायक उषा विद्यार्थी निर्वाचन आयोग मे शिकायत दर्ज करबौलनि अछि। विदित अछि जे राजदक नेताक सभा केर एक वीडियो वायरल भेल अछि जाहि मे लोजपा रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवानक माताक विरूद्ध अभद्र टिप्पणी कयल गेल।

———————————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे मौसम उष्ण आ शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार प्रदेशक कतेको जिला मे अधिकतम तापमान चालीस डिग्री सँ ऊपर पहुँचि गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे एकतालीस दशमलव दो डिग्री सेल्सियसक सँ शेखपुरा प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। हमर दरभंगा संवाददाता कहलनि अछि जे जिला मे गर्मी आ रौद सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।